NJHealth
New Jersey Department of Health

Kenbe timoun yo an sante ak vaksen woutin

Pran vaksen

Dapre Akademi Ameriken pou Pedyatri (American Academy of Pediatrics, AAP), resevwa vaksen alè se pi bon fason pou pwoteje timoun yo san danje kont maladi enfeksyon ki danjere. Ou ka jwenn orè rekòmande a isit la:

Ranmase vaksen ki te rate yo

Si pitit ou a te rate yon vaksen, pale ak founisè swen sante ou pou li ka ranmase li. Sa bay pitit ou a ak lòt moun yo pi bon pwoteksyon an.

Swiv vaksen timoun yo

Jwenn dosye pitit ou a nan Sistèm Enfòmasyon sou Vaksinasyon New Jersey (New Jersey Immunization Information System, NJIIS) oswa atravè aplikasyon telefòn mobil Docket® la. Pou kòmanse, ale sou myhealthnj.com oswa telechaje aplikasyon Docket gratis la nan App Store oswa Google Play.

Vaksen yo se:

- Pi bon fason pou anpeche maladi gaye nan kominote ou a.
- Yo disponib gratis oswa pou yon ti pri pou moun ki elijib yo grasa pwogram vaksen pou timoun. Eskane isit la pou plis enfòmasyon.

Pou plis enfòmasyon, vizite
Depatman Sante New Jersey
(New Jersey Department of Health)
nj.gov/health/vaccines

Avril 2026